

BAB III

METODOLOGI PENELITIAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif. Pamarekan kuantitatif dihartikeun salaku hiji metode panalungtikan anu dasarna tina filsafat positivisme, digunakeun pikeun nalungtik kana populasi atawa sampel nu tangtu, ngumpulkeun data ngaliwatan instrumen panalungtikan, analisis data miboga sifat kuantitatif /Statistik, anu miboga udagan pikeun nguji hipotésis anu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2017). Sedengkeun métode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kuasi eksperimen.

Hikmawati (2020) nétélakeun Kuasi eksperimen mangrupa kamekaran tina eksperimen murni, anu hésé dilaksanakeun. Desain ieu miboga kelompok kontrol, tapi teu bisa lumaku sakabéhna pikeun ngontrol varibel-variabel extra anu mangaruhan lumangsungna eksperimen. Kuasi eksperimen digunakeun kusabab dina kanyataanna hésé ngabeunangkeun kelompok kontrol anu digunakeun pikeun panalungtikan. Desain anu digunakeun dina ieu Panalungtikan nyaéta ngagunakeun desain *One group pre test and post test* . Ieu dihandap mangrupa gambaran ngeunaan desain *One group pre test and post test*.

Tabel 3.1
Desain panalungtikan

O1	X	O2
----	---	----

(Arikunto, 2013)

Keterangan:

O1 = Kamampuh maca pamahaman novel saméméh ngagunakeun modél *Think Pair and Share (pre-test)*

O2 = Kamampuh maca pamahaman novel sabada ngagunakeun modél *Think Pair and Share (post-test)*

X = Larapan modél *Think Pair and Share* dipangajaran novel (*treatment*)

Rina Siti Nurjannah, 2023

MODÉL THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN NOVEL (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas XI. C SMAN 5 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMAN 5 Bandung anu alamat na aya di Jl. Belitung No.8, Merdeka, Kecamatan Sumur Bandung, Kota Bandung, Jawa Barat. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI. C (IPS) SMAN 5 Bandung Taun Ajar 2022/2023 anu jumlahna aya 36 siswa. Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh maca pamahaman novel, saluyu jeung pamadegan Arikunto (2013) sumber data mangrupa subjék timana data dimeunangkeunana. Sangkan leuwih jéntré dijelaskeun saperti dihandap.

Tabel 3.2
Jumlah Siswa kelas XI.C

No	Jenis kelamin	Jumlah
1	Siswa Lalaki	16
2	Siswa Awéwé	20
Jumlah total		36

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés dilakukeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh maca pamahaman novel siswa anu ngawengku tés kamampuh siswa saméméh maké modél Think, Pair and Share jeung tés kamampuh siswa sabada maké modél. Ieu hal luyu jeung pamadegan Arikunto (2013) instrumén panalungtikan mangrupa alat anu dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawé sarta hasilna leuwih hadé. wanda tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tulis, dina wangun opsional pilihan ganda.

Hal-hal anu dianalisis pikeun ngukur kualitas soal tés tulis anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu dihandap.

a. Kasaluyuan soal jeung kisi-kisi

Soal tés tulis anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan geus luyu dumasar kisi-kisi nu aya boh dina KIKD atawa dumasar kana tiori nu dipaké. Aya 25 soal pilihan ganda anu ngawengku sababaraha aspék gabungan.

Tabel 3.3
Kasaluyuan Soal jeung Kisi-kisi

Aspek gabungan	No. Soal	Jumlah Soal
Struktur-Literal	1, 10, 17	3
Struktur-Interpretatif	3, 12	2
Unsur-Literal	7, 13, 14	3
Unsur-Interpretatif	6, 8, 15, 23	4
Unsur-Kritis	2, 9, 11, 20	4
Kebahasaan-Literal	5, 16, 18, 21, 22	5
Kebahasaan-Interpretatif	24, 25	2
Kebahasaan-Kritis	4, 19	2
		25

Tabel 3.4
Kisi-kisi tes kamampuh samemeh jeung sabada

No	Maca pamahaman				Jumlah soal
	Novel	Literal	Interpretatif	Kritis	
1	Struktur				
	1. Narasi	10, 17	3		3
	2. Dialog	1	12		2
2	unsur				
	1. tema			2, 11	2
	2. tokoh	13	15		2
	3. latar	7, 14			2
	4. alur			9, 20	2
	5. sudut Pandang		8, 23		2
	6. amanat		6		1
3	Kebahasaan				
	1. Gaya Bahasa		24, 25		2
	2. kalimat langsung	5, 16			2
	3. kalimat tidak langsung	18			1
	4. kalimat perintah	21			1
	5. kalimat tanya	22			1
	6. pikiran utama			4, 19	2
	Jumlah	11	8	6	25

b. Basa anu digunakeun

Lantaran siswa-siswi di SMAN 5 Bandung langka ngagunakeun basa Sunda dina sapopoéna, basa anu digunakeun dina soal tés tulis mangrupa basa Sunda anu basajan pisan, lantaran nyaluyukeun jeung kamampuh siswa kelas XI SMAN 5 Bandung Taun Ajar 2022/2023 pikeun maham kana soal tés anu dibérékeun.

c. Eusi Soal

Eusi soal tés tulis anu digunakeun dina ieu panalungtikan geus luyu jeung tiori pamahaman anu rék diuji. Aya tilu pamahaman anu diuji dina ngaliwatan ieu soal, nya éta pamahaman literal, interpretatif, jeung pamahaman kritis. Sangkan leuwih jelas, perhatikeun ieu tabél di handap.

Tabel 3.5
Eusi Soal

Pamahaman nu Diuji	No. Soal	Jumlah
Literal	1,5,7,10, 13, 14, 16,17,18, 21,22	11
Interpretatif	3, 6, 8, 12, 15, 23,24,25	8
Kritis	2, 4, 9, 11, 19, 21	6
		25


d. Tata Tulis

Penulisan soal tés dina ieu panalungtikan téh cukup jelas. Soal dilengkepan ku sababaraha pituduh pikeun ngerjakeunana. Sababaraha soal dilengkepan ku sempalan novel.

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nya éta prosedur atawa hal-hal anu kudu dilaksanakeun ku panalungtik dina nyieun hiji panalungtikan. Prosedur dina panalungtikan ieu ngagambarkeun léngkah-léngkah nu bakal dilakukeun ku panalungtik dina métode kuasi ékspérimén kana modél pangajaran *Think Pair and Share* dina maca pamahaman novel . Prosédur panaluntikan dina ieu panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan



Sangkan leuwih jéntré, prosedur atawa alur panalungtikan baris ditétélakeun dihandap ieu.

a. Idéntifikasi Masalah

Dina prosedur nu mimiti panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha pasualan nu kapanggih dina pangajaran maca pamahaman novel di kelas XI SMAN 5 Bandung. Panalungtik ngalaksanakeun wawancara jeung guru basa Sunda nu aya di SMAN 5 Bandung ngeunaan pasualan maca

Rina Siti Nurjannah, 2023

MODÉL THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN NOVEL (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas XI. C SMAN 5 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pamahaman siswa hususna dina materi ajar novel kelas XI saluyu jeung kurikulum anu digunakeun nyaéta Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK/MA.

b. Rumusan Masalah

Sabada ngaidentifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun pasualan-pasualan nu kapanggih kana sababaraha patalekan anu baris dijawab ngaliwatan panalungtikan.

c. Studi Pustaka

Sabada ngarumuskeun masalah, panalungtik ngalaksanakeun studi pustaka pikeun neangan sumber-sumber anu saluyu jeung panaluntikan nu baris dilaksanakeun dumasar kana pasualan anu karandapan.

d. Ngarumuskeun Hipotésis

Sabada ngalaksanakeun studi pustaka, panalungtik ngarumuskeun hipotésis atawa dugaan tina hasil panalungtikan anu can tangtu bener.

e. Ngarumuskeun Instrumen

Panalungtik nyieun instrumen panalungtikan anu mangrupa tés dina wangun soal pilihan ganda.

f. Ngumpulkeun Data

Panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan ka kelas di mulai ku *pre-test* pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa, lajeng ngalaksanakeun pangajaran maca pamahaman novel ngagunakeun modél *Think Pair and Share*, sabada ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share* panalungtik ngayakeun *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh akhir siswa.

g. Nganalisis Data

Sabada meunangkeun data tina panalungtikan, data éta di analisis kalawan ngagunakeun sababaraha cara dumasar kana rumus statistik dina SPSS PASW versi 26.

h. Nyieun jeung nyusun laporan panalungtikan

Panalungtik sabada tatahar ti awal tuluy ngalaksanakeun panalungtikan, lajeng nganalisis data langsung nyieun jeung nyusun hasil tina panalungtikan jeung kacindekana.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Nurutkeun Zainul jeung Nasution (dina Safithry, 2018) tés dihartikeun salaku patalekan atawa pancén anu direncanakeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan atribut atikan atawa atribut psikologis nu tangtu. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamapuh maca pamahaaman novel siswa anu ngawengku maca, ngaringkes bacaan, kaédah basa jeung ngajelaskeun makna dina bacaan. Tés tulis digunakeun pikeun ngukur kamapuh siswa dina maca pamahaaman novel. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh ngaliwatan sababaraha tahapan saperti anu diébréhkeun ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré tés awal kalawan cara tés sacara tinulis pikeun ngukur kamapuh awal siswa dina kaparigelan maca dina novel saméméh dibéré *treatment* anu ngalarapkeun modél pangajaran *Think, Pair and Share*.
- 2) Sabada mikanyaho hasil tés awal siswa, panalungtik nataharkeun naon waé nu dibutuhkeun nalika prosés diajar kalawan ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*.
- 3) Nepikeun matéri novel dina prosés diajar kalawan ngalarapkeun modél *Think Pair and Share* dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan disebut *treatment* (perlakuan).
- 4) Sabada ngalaksanakeun *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*, satuluyna diayakeun tés ahir sacara tinulis pikeun mikanyaho kamapuh ahir siswa dina maca pamahaaman novel.

3.6 Analisis Data

Kagiatan dina analisis data nyaéta nganalisis jeung ngolah data anu geus dimeunangkeun tina hasil panalungtikan pikeun meunangkeun jawaban tina pasualan anu geus ditalungtik.

3.6.1 Téhnik Analisis Data

Analisis data nyoko kana hasil pretest jeung posttest. Data anu kacangking tina hasil pretest jeung posttest tuluy diolah sangkan meunangkeun jawaban tina pasualan-pasualan anu aya dina rumusan masalah. Aya sababaraha tahap dina nganalisis data, saperti anu dijéntrékeun di handap.

- a. Mariksa hasil kamampuh maca pamahaman novel siswa pretest jeung posttest dumasar kana tilu aspek

Tabel 3.6
Skala Skor aspek Maca pamahaman Novel

No	Aspek	Skor	Kriteria
1	Struktur	0	Kurang pisan : Eweuh Jawaban anu bener
		1	Kurang : saeutik jawaban bener
		2-3	Sedeng : Jumlah jawaban bener jeung salah kurang leuwih hampir saimbang
		4-5	Hade : Loba jawaban anu bener
2	Unsur	0-2	Kurang pisan : hampir eweuh jawaban anu bener
		3-5	kurang : saeutik jawaban bener
		6-8	Sedeng : Jumlah jawaban bener jeung salah kurang leuwih hampir saimbang
		9-11	Hade : Loba jawaban anu bener
3	Kebahasaan	0-1	Kurang pisan : hampir eweuh jawaban anu bener
		2-4	kurang : saeutik jawaban bener
		5-7	Sedeng : Jumlah jawaban bener jeung salah kurang leuwih hampir saimbang
		8-9	Hade : Loba jawaban anu bener

- b. Méré peunteun jeung nganalisis kana hasil tést kamampuh maca pamahaman novel saméméh jeung sabada maké modél *Think Pair and Share* dumasar kana tiori (Nurgiyantoro, 2011) nyaéta yén penilaian dina tingkat pamahaman téh nyaéta, a) Skor ka 1 (Kurang pisan), b) Skor ka 2 (Kurang), c) Skor ka 3 (Sedeng), d) Skor ka 4 (hadé). dina méré peunteun ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Skor kahontal}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100\%$$

Tabel 3.7
Skala peunteun Maca pamahaman Novel

Skala	Kategori
76-100	Hade
51-75	Sedeng
26-50	Kurang
0-25	Kurang Pisan

c. Ngasupkeun Peunteun kana tabel dihandap

Tabel 3.8
Format Peunteun

No	Kamampuh Maca Pamahaman													P	Kategori	
	Struktur		Unsur						Aspek kabahasaan							
	A	B	C	D	E	F	G	H	I	J	K	L	M	N		

Keterangan :

- A= Narasi
- B= Dialog
- C= Téma
- D= Tokoh
- E= Latar
- F= Galur
- G= Sudut Pandang
- H= Amanat
- I= Gaya Basa
- J= Kalimah Langsung
- K= Kalimah Teu Langsung
- L= Kalimah Parentah
- M= Kalimah Pananya
- N= Pikiran Utama
- P= Peunteun

3.6.2 Uji Sipat Data

Pikeun nguji data kuantitatif dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara ngagunakeun aplikasi SPSS Statistics 26. Aplikasi SPSS Statistics 26 mangrupa salahsahiji program anu bisa mantuan panalungtik dina ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Nguji sipat data dilakukeun kalawan cara uji normalitas, jeung uji hipotesis.

3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas dipaké pikeun nangtukeun yén data anu dipaluruh miboga distribusi anu normal atawa teu normal. Statistika Patramétris dipaké saupama data dina unggal variabel panalungtikan anu rék dianalisis miboga distribusi anu normal, upama data panalungtikanana miboga distribusi anu teu normal, téknik anu dipaké nya éta téknik statistika Nonparametris (Sugiyono, 2017, kc: 7).

Pikeun nangtukeun normal henteuna distribusi data nu rék ditalungtik, bisa maké uji Kolmogorov-Smirnov dina aplikasi SPSS. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas data dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

H_0 : data miboga distribusi anu normal.

H_1 : data miboga distribusi anu teu normal.

Taraf signifikansi anu dipaké nya éta 5% (Sig. = > 0.05). Kritéria pikeun ngujina saperti ieu di handap.

- a. Upama nilai Sig. = ≥ 0.05 , hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu normal.
- b. Upama nilai Sig. = < 0.05 , hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu teu normal.

3.6.2.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun nguji bebeneran hiji pernyataan sacara statistik, ogé nangtukeun ditarima atawa ditolakna hipotésis.

Upama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji hipotésis datana, maké cara statistika paramétris kalawan ngagunakeun t-test, sedengkeun upama datana miboga distribusi anu teu normal, digunakeun cara statistika nonparamétris kalawan uji Wilcoxon Match Pairs Test.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

- 1) H_0 (Hipotésis nol) : Teu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Think Pair and Share* dina pangajaran maca pamahaman novel siswa kelas XI. C SMAN 5 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

Rina Siti Nurjannah, 2023

MODÉL THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN NOVEL (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas XI. C SMAN 5 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) *Ha* (Hipotesis alternatif) : Aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Think Pair and Share* dina pangajaran maca pamahaman novel ka siswa kelas XI. C SMAN 5 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

Kritéria:

Upama nilai signifikansi (sig.) ≥ 0.05 , *H₀* ditarima atawa *Ha* ditolak.

Upama nilai signifikansi (sig.) < 0.05 , *Ha* ditarima atawa *H₀* ditolak.